

## DRAFT

### 6. DEKLANCHE AKTIVITE APRANTISAJ ANDEYÒ LEKÒL YO:

(N ap detèmine pawòl ekri yo pi devan)

Nou pa kapab atann aske lekòl yo redui mankman nan opòtinite elèv yo pou kont yo. Pou n kapab abòde pwoblèm mankman sa yo, nou dwe adopte yon pèspektif ki pi laj osijè lè ak plas kote aprantisaj yo ap fèt. Nou rekonèt ke genyen kèk abilite enpòtan ki pa kapab devlope konplètman andedan biling lekòl yo, ni nan klas yo, ni pandan jounen lekòl la. N ap pral angaje kèk òganizasyon kominotè, enstitisyon inivèsitè, ak kominote biznis la, pou n fè tout vil la tounen yon sal de klas. Konsa, nou va tire kichòy sot nan divès kalite resous, talan, ak ekspètiz vil Boston an genyen pou l ofri, pou ke n kapab anrichi aprantisaj pou elèv nou yo.

### PRIYORITE

- Mete elèv yo an kontak avèk kèk bonjan kalite pwogram aprè jounen lekòl la ak nan ete, epitou nan lekòl segondè yo, eksperyans travay yo, ak staj yo, dekwa pou yo kapab aktive aprantisaj yo, bati kèk konpetans, epi devlope kèk kapasite sosyal.
- Kolabore avèk kèk òganizasyon ak ajans patnè pou founi kèk eksperyans pou ede elèv yo aprann e bati abilite yo, pou konsantre sou konpetans sosyal e emosyonèl yo an patikilye, ki esansyèl pou devlopman jèn yo, ansanm ak konpetans pwofesyonèl ki esansyèl pou reyisit yo ni nan inivèsite, ni nan karyè pwofesyonèl yo.
- Kowòdone avèk kèk òganizasyon patnè ki kapab travay avèk elèv yo ak manm pèsonèl lekòl yo pandan jounen lekòl la pou founi plis opòtinite ak sèvis bay plis elèv, plis an patikilye: fason nou bay konsèy nan zafè inivèsite ak fason nou bay sipò.
- Konsantre sou konesans inivèsitè e pwofesyonèl ki menen a kèk pakou vizib nan edikasyon inivèsitè, fòmasyon pwofesyonèl, ak opòtinite pwofesyonèl.
- Angaje kèk patnè kle nan pwosesis desizyon yo, dekwa pou n kapab gide pwogram yo epi devlope yon ane skolè ak eksperyans ete pou elèv yo ki byen kowòdone.

---

### OBJEKTIF POU BYEN PLANTE NOU: N AP DETÈMINE SA PI DEVAN

---

*Mezi pwogrè aliye: (tout mezi yo klase apa selon EL [Elèv k ap Aprann Angle], SWD [Elèv ki Genyen Andikap], selon ras, dezavantaj ekonomik, ak kèk lòt gwoup ankò)*

**N AP DETÈMINE SA PI DEVAN**